**Tariyx**

# ҚАРАҚАЛПАҚСТАНДА РАЙОНЛАРДЫҢ ДҮЗИЛИЎ ТАРИЙХЫНАН

**З.Б.Есназарова** – *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** шаҳар, қишлоқ, ҳаёт, тарих, ҳудуд, муаммо.
**Ключевые слова:** город, село, жизнь, история, территория, проблема.
**Key words:** city, village, life, history, territory, issue.

**Изертлеў темасының актуаллығы** соңғы жылларда социал тарийх машқалаларына илимий қызығыўшылықтың артыўы менен күнделикли турмыс тарийхын, тарийхый билимлер тараўына Қарақалпақстан қалаларының ҳәм районларының дүзилиўи күнделикли турмысын бир тараўға бөлиў менен анықланады, бул ҳәзирги тарийх илиминиң тийкарғы машқаласы болып табылады. Изертлеў темасының актуаллығы Қарақалпақстанда қалалар ҳәм районлардың күнделикли турмысы машқалаларын үйрениўге аймақлық жантасыў менен белгиленеди. XX ҳәм XXI әсирде Қарақалпақстанда қалаллардың ҳәм районлардың күнделикли турмысы тарийхын ҳәр тәреплеме илимий жақтан изертлеў ҳәзирги күнге шекем әмелге асырылмаған. Қарақалпақстанның қала ҳәм районларының күнделикли турмысын шөлкемлестириўдиң дәстүрлерин, тарийхый тәжирийбесиниң сыпатларын билиў ҳәзирги заман жәмийетиниң көплеп социал мшқалаларды аймақлық характерин толық есапқа алатуғын механизмлери арқалы шешиў мүмкиншилигин береди.

**Изертлеўдиң мақсети:** Қарақалпақстанда район ҳәм қалалардың қәлиплесиў процесслери, волостлықлар тийкарында районлардың пайда болыўы, XX әсирде Қарақалпақстанда районлардың дүзилиўиниң тарийхый салыстырмалы тәрепи.

**Изертлеўдиң ўазыйпасы**: Қарақалпақстанда район ҳәм қалалардың қәлиплесиўиндеги бурынғы Совет дәўириндеги алып барылған социал-экономикалық өзгерислер, демографиялық процесслерди қарап шығыў. Район халқының социаллық қурамы ҳәм тәьиятының өзине тән сыпатлары, қалал халқының социал-профессионал топарлар бойынша бөлиниўи ҳәм 1927-1970-жылларда аўыл хожалығы ҳәм мал шараўашылығы менен шуғыланыўы ҳәр тәреплеме қарап шығылады.

**Изертлеўдиң предмети** тарийхый раўажланыў процесси сыпатында қаралады. Қарақалпақстанда қала ҳәм районлардың дүзилиўи турмысы, районлардың волостлар тийкарында пайда болыўы, халықтын саны, район орайы қарап шығылады.

**Изертлеўдиң объекти**: XX әсирде Қарақалпақстанда районлардың дүзилиўи ҳәм қаладаның қәлиплесиў процесслерине нәзерде тутылады.

**Изертлеўдиң методологиясы** теориялық методологиялық принциплерге жантасыўлар, объективлик тарийхыйлық принциплерге системалы қатнас ислеў. Тарийхыйлық көзқарастан қаралады. Тийкарынан илимнин теориялық қағыйдалары ҳәм тийкарғы жуўмақлары, қала ҳәм районның дүзилиўиниң тарийхый жағдайлары, тарийхый демографиялық процесслер итибарға алынған.

Изертлеўдиң методлары- тарийхыйлық принципи, тарийхый ўақыя ҳәм процесслер, олардың өз ара байлаынсы принципи, илимий объективлик мақсетке ерсиўге мүмкиншилик береди. Машқалалы хронологиялық принцип пенен биргеликте улыўма илимий усылларынан, анализлеў, синтезлестириў, түсиндириў методларынан пайдаланылды.

**Изертлеўдиң илимий жаңалығы** соннан ибарат илимий айланысқа түспеген тарийхый дреклер, бул контексте бурын көрилмеген архив материаллары қарап шығылды. Мақаланың жаңалығы Қарақалпақстан тарийхында районлардың дүзилиўиниң сыпатлары ашып бериледи.

**Изертлеўдиң практикалық әҳмийети**. Улыўмаластырылған материаллық теориялық аспектлер жуўмақлар менен усыныслар болыўы мүмкин. Күнделикли қаланың ҳәм районлардың демографиялық турмысын анализлеў ҳәм болжаў ушын қолланылады. Қарақалпақстанның социал-экономикалық раўажланыўында қала ҳәм районлардың туткан орны заманагөйлик жақтан өз сәўлелениўи ушын жаратылған машқаланы үйрениў дәрежеси, кейинги ўақытлары үйрениў жолларын анықлаў нәзерде тутылады.

**Әмелге асырыў** усы топарда илимий айналысқа енгизиў оларды критикалық жақтан анализлеў шәртлерин сақлаў, районлардың ҳәм оған кириўши киши қалалардың раўажланыў динамикасына үлес қосады. Теманы анализлеў, процесслери сыпатларының улыўмалығын ашып береди. Қарақалпақстан Республикасының районларының эник раўажланыўы XX әсирдиң биринши шереги әсирлер даўамында объективлик жақтан рәсмий қайта тиклеў изертлеў жумысы алып барылады.

Қарақалпақстан Автономиялы - областы Советлериниң I Шөлкемлестириў съездиниң қарары ҳәм 1925-жылдың 11-майындағы Советлердиң Пүткил Қазақстан V съездиниң қарары Советлердиң Пүткил Россиялық XII съездинде тастыйықланды. Бул қарақалпақ халқының тарийхындағы ең әҳмийетли басқышлардың бири болып, оның миллий-мәмлекетлик дүзилиўи усылайынша әмелге асты.

Тарийхый дереклерге итибар беретуғын болсақ, бурынғы СССР Орайлық Атқарыў Комитети Президумының 1925-жылдың 5-сентябриндеги қарары менен Шорахан уезди Қарақалпақстан Автономиялы областына бекитилди. Бул қарарда:«Пүткил Шорахан уезди Төрткул қаласы менен бирге Қарақалпақстан Автономиялы областының қараўында қалдырылған». Бурынғы Шорахан уездинен Қарақалпақтстан Автономиялы областының басқа окургелери менен теңдей түрде барлық тийисли админстаративлик аппаратлары менен бирге админстартивлик округ дүзиў зәрүр деп есаплансын.

Солай етип, Қарақалпақстан Автономиялы областы; Төрткул, Шымбай, Хожели ҳәм Қоңырат окургуглеринен ибарат болды. Мысалы Төрткул округине: Бийбазар, Сарыбий, Төрткул, Шаббаз, Мыңбулақ, Тамды ҳам Шорахан волостлары кирди.

Шымбай округи: Дәўқара, Кегейли, Көкөзек, Қоңырат, Нәўпир, Нөкис, Таллық, Шымбай ҳәм Жаңабазар волостьлықларына бөлинди.

Хожели округи: Қаратерең, Қыпшақ, Қытай, Лаўзан, Мискин, ата, Хожа жармыш, волостлары кирди.

Қоңырат округине: Қызыл жар, Ханжап, Мойнақ ҳәм Тоқпақ ата волостьлықлары кирди [4].

Сол дәўирде Қарақалпақстан Автономиялы областының территориясы шама менен 160 мың кв км ге жетти. 1926-жылғы халықтың есабын алыўдың мағлыўматларына муўапық область халқының – 38,1 % ин қарақалпақлар, 28, 5 % ин қазақлар, 27,6 ин өзбеклер, 3,2 ин түркменлер, 2,6 % ин басқа миилетлер қураған [5].

1926-жылы ҚАО төрт баскышлы админстративлик орган- областлық атқарыў комитети, округлик атқарыў комитети, волостьлық атқарыў комитети ҳәм аўыллық совет арқалы басқарылды. Область территориясы: Төрткүл, Шымбай, Хожели ҳәм Қоңырат округлерине бөлинип, олардың қараўында 24 волость ҳам 112 аўыллық-поселкалық совет болды. Сол дәўирде Төрткул округиниң составында бир район – Тамды районы болды.

Тамды районы Мыңбулақ, Қарақалпақ волостларынан дүзилген, орайы аўыл Тамды-Булақ, Областтың орайында жайласқан 394 километрден ибарат, территориясы 90181,5 кв, километр. Халқы 26670 адам, басым көпшилиги қазақлардан ибарат болып 24417 адам болған. Районның халқы тийкарынан шарўашылық (көшпели) пенен шуғылланады [6].

1927–жылы ҚАО ның адмистративлик территориялық бөлиниўин жақсылаў бойынша илажлар белгиленди. Автономиялы областын жаңа админстартивлик бөлиниўи 112 аўыллық советлери менен бирге 11 районның шөлкемлестирилиўин нәзерде тутты. Үш басқышлы: областлық, районлық ҳәм аўыллық кеңеслер менен бирге 11 район шөлкемлестириў нәзерде тутылды.

Архивлик мағлыўматлар бойынша көрсетип өтсек, үш басқышлы: областлық, районлық ҳәм аўыллық-поселкалық бурынғы Советлер арқалы басқарылатуғын мәмлекетлик басқарыў системасы орнатылды. Бунда, жаңа админстративлик система областьтың совет ҳәм хожалық қурылысын басқарыў структурасын әпиўайыластырды. Жаңа районластырыў ўақтында хәр бир районның хожалық түрине ылайық, өзине тән өзгешеликлери есапқа алынды.

**Төрткул районы** тийкарынан ҳәкимшилигинен шөлкемлестирилген, буған киреди Төрткул, Шорахан, Сарыбийден ибарат. Аўыл орайы Шорахан болып, район орайынан кейинги дәслепки еки ай Төрткулде болған. (Хожагелдиев) Орайдың аралығы 5 километр болып территориясы 746,9 кв, километрден ибарат болып, халқы 43558 адамнан ибарат. Төрткүлде жасап атырған халықтың басым көпшилги өзбеклерден ибарат болып 29157 адамды қурайды. Экономикалық жақтан район аўыл хожалығы менен шуғылланады. Район қурамына 14 аўыллық кеңес, соның ишинде 1 аўыллық кеңеси (ураллылар) киреди [7].

**Беруний районы** әсирлер даўамында атын бирнеше рет өзгертти. Дәслеп бул жерди Хорезм деп аталды, кейин Шейх Аббас Уәли атындағы Шаббаз аўылы болды. Кейиншелик бул усы атамадағы қала үлгисиндеги халық жасайтуғын пунктке айландырылған.

Тарийхый дереклерде көрсетилиўи бойынша 1927-жылы 3-июльда Шаббз районы Бий базар орайыннан дүзилген, аўыл Шаббаздың халқы 26670 адам басым көпшилиги өзбеклерден ибарат болған 23958 адам. Экономикалық жақтан алып қарағанымызда бул аймақта аўыл хожалығы өнимлерин жетистириў менен пахташылық пенен шуғылланады. Район қурамына 6 аўыллық совети киреди. 1957-жылға шекем усы атаманы Шаббаз атамсын сақлап турған. 1957-жылы Беруний районы атын алады. Қала статусы 1962-жылы берилген. Усы дәўирде яғный 1962-жылы 24-декабрьде Төркүл районына қосып жиберилген, 1964-жылы 31-декабрьде қайта дүзиледи [11].

1927-жылы 3-июльде**, Шымбай районы** ҳәм Нукус волостларынан аўыл админстративлик бирлескен кеңеслерсиз дүзилген. Районның орайы Шымбай болып, орайдың территориясы 223 километрден ибарат болған. Районның территориясы улыўма 2416,6 квадрат километр пайда етеди. Халқы 39213 адам, олардың басым көпшилиги қарақалпақлар болып 34668 адам. Экономикалық жақтан район аўыл хожалығы, әсиресе пахташылық пенен шуғылланады. Район қурамына 13 аўыллық совет кирген [10].

**Қараөзек районы** 1930-жылы шөлкемлестирилген болып 1959-жылы 4 мәртебе тарқатылып оның территориясы Тахтакөпир районына қосылған. 1975-жылы қайта дүзиледи. Қараөзек волстлардан ибарат болып, Наупир, Талдық, Муйнак, Көкөзек волстларынан ибарат болған. Қараөзек районының орайы ЗАИР болған территориясы 283 километр. Улыўма районның территориясы 2204,9 кв.километр, халқы 36883 адам, қарақалпақлар көпшиликти қурайды ямаса халықтың 24029 адам қарақалпақлардан ибарат болған. Қараөзектиң экономикасында тийкарғы орынды дийханшылық ҳәм шараўашылық болған. Район қурамына 18 аўыллық кеңеслери кирген.

**Тахтакөпир районы** 1930-жылы шөлкемлестирилген, Тахтакөпир районы орайы Даўқара ҳәм Көкөзек волстларынан шөлкемлестирилген. Районның орайы Тахтакөпир 404,8 квдрат километр, территориясы 20864 адам. Қарақалпақстанның көпшилигинде 15990 адам. Экономикалық жақтан бул аймақта дийханшлық ҳәм шараўашылық сыяқлы аралас шуғылланады. Район қурамына 11 аўыллық кеңесине киреди. 1962-жылы 24-декабрьде район тарқатылып жибериледи. 1965-жылы 29-декабрьде Тахтакөпир районы қайта шөлкемлестирилген [12].

Кегейли районы 1928-жылы шөлкемлестирилген Кегейли ҳәм Жаңа базар волостларының тийкарында шөлкемлестирилген. Район орайы Кегейли қаласы 232 киолметр болған. Территориясы 226,5 кв, километр, халқы 3962 адам. Экономикалық тәрептен район аўыл хожалығы ҳәм пахташылық пенен шуғылланады. Район қурамына 10 аўыллық қишлақ кеңеси киреди. 1959-жылы 4-мартда Кегейлиге Куйбышев район бириктирилди [13].

**Хожели районы**,Хожели волостлығынан дүзилген, орайы Хожели қаласы, қаланың территориясы 204,8 километр аралықта жайласқан. Территориясы 2179,1 кв, километр, халқы 18943 адам, басым көпшилиги қазақлар болған ямса 6047 адам ибарат болған. Экономикалық жақтан аўыл хожалығы ҳәм мал шараўашылығы менен шуғылланады. Районда 9 аўыл қишлақ кеңесинен ибарат болған [14].

**Шоманай районы** 1950-жылы 7-октябрьде шөлкемлестирилген. 1960-жылы район тарқатылып жиберилген. Қоңырат ҳәм Хожели районларының қурамына қосылып жибериледи. Шоманай районы 1967-жылы қайтадан район болады.

Тарийхый мағлыўматларға итибар беретуғын болсақ, Арал бойын бақлап отырған түрли мәмлекетлерге тийисли болған. Бул жерлер XVI әсир басынан 1917-жылғы Октябрь аўдарыспағына шекем Хийўа ханлығы қурамына кирген, кейин Совет Россиясы қурамына кирген. Район 1924-жылы Қарақалпақстан қурамына киреди, 1950-жылы ири аймақлық бирлик жүзеге келген [8:109].

Шоманай районында әсирлер даўамында аўыл хожалығы менен шуғылланып келген. Әсиресе пахта жетилистириў ҳәм қайта ислеў экономиканың таянышы есапланады. Пахта ушын егиў басқа егинлерге қарағанда дерлик 2 есе көп жер аырталған.

**Қанлыкөл районы 1**970-жылы 7-декабрьде дүзилген. Дәслеп 1970-жылы Ленинабад районы деп аталған. 1990-жылы сол жердиң жергиликли атамасы менен Қанлы көл деп өзгертирилди. Тарийхый мағлыўматлар бойынша Қанлы көл районы Қоңырат ҳәм Шоманай районларынан бөқинип шығып, шөлкемлестирилген [9].

**Мойнақ районы** 1931-жылы 19-сентябрьде Советлердиң Пүткилроссиялық Оайлық Атқарыў Комитети Президумы жанындағы ҳәкимшилик комиссия Қарақалпақстан Автономиялы ўәлаятының қурамында жаңадан санаатлық Мойнақ районын дүзиў ҳаққында мәселени крап шығады ҳәм қарар қабыл етиледи. Бул қарар бойынша төмедегише болған.

Бириншиден, Ҳәмкимшилик орайы Мойнақ посёлкасы болып, Қарақалпақстан Автономиялы ўәлиятының қурамына жаңадан Мойнақ районы бөлинсин.

Екиншиден, Мойнақ районының қурамына төмендеги аўыллық советлер менен елатлы пунктлер киргизилсин. (Текущий архив Муйнакского района. Папка за 1970-1980).

Қараөзек районынан: 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9-аўыллық советлер ҳәм олардың қурамына киретуғын елатлы пунктлер.

Қоңырат районынан: 1-аўыллық совети, Қызыл жар ҳәм Сарыкөл елаты толығы менен, 15-аўыллық советтен Үрге посёлкасы.

Тахтакөпри районынан:1-аўыллық советтиң елатлы пунктлери: Ақбеткей, Қарабайлы, Қуйрықты, Тербенбес елатлары киреди. Мойнақ районы 1963 жылы район тарқатылып жибериледи, 1964-жылы қайта тикленеди [3].

Тақыятас қаласы, 1950-жылы декабрь айында Уллы коммунизм» қурылысы» Бас Туркмен каналының қурылыс-шылары посёлкасы сыпатында шөлкемлестирилген. Сол дәўирде Тахитас ГРЭС ин қурыў режелестирилген еди. Демек,Тақыятас қаласы тусынан каналдың қазылыўына байланыслы қурылғанлығы анық факт бола алады.

Қаланың Тақыятас деп аталыўының себеби ҳәзирги қаланың әтирапында жайласқан Найман, Шатыраўық

аўылларының күншығыс тәрепинде Әмиўдәрьяның жағасында дәрьяның бойына жақын турған дөңгелек төбешик болған. Кейин ала усы тақыяға усаған төбешик халық аўзында Тақыятас деп аталынған [8:127].

1953-жылы 20-сентябрьде Қарақалпақстан АССР Жоқарғы Советиниң Президиумының Хожели районындағы Тақыятас қала типиндеги посёлканы районға қараслы қалаға айландырыў ҳаққындағы қарар қабыл етиледи. Усы қарар бойынша:

Хожели районы, Тақыятас районына қараслы қала типиндеги қала посёлкасына айландырыў;

Жаңадан шөлкемлестирилген Тақыятас қаласының аты сақлансын [1], деп көрсетилген.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң усынысы менен шөлкемлестирилген жаңа Тақыятас районы пайда болды. Бул бойынша Тақыяиас районын шөлкемлестириў бойынша Өзбекстан Республикасы Олий Мәжлиси Сенаты тәрепинен 2017-жылы 8-августта Тақыятас раойны қайтадан шөлкелестириледи. Жаңадан дүзилген районға Хожели районына қараслы болған, Тақыятас қаласы ҳәм аўыллар «Кенегес», «Сарайкўл» и «Найманкўл» мәҳәллелер киреди.

Қарақалпақстан АССР Министрлер Советиниң 1977-жылы 18-марттағы № 92 - санлы қарары тийкарында Элликқала районы Қарақалпақстанның қурамында шөлкемлестирилген [16].

Усы қарадың тийкарғы мақсети экономикалық социал-мәдений қурылысқа басшылық етиў ҳәм халықтың турмысы күнделикли талапларын тезлик пенен шешиў, аўыл хожалығына қәнийгелестирилген, жаңа жерлерди өзлестириў ҳәм жаңа калхоз ҳәм совхозлар шөлкемлестириў мақсетинде алып қаралған. Демек, Елликала төрт совхоз, Төрткул еки совхоз Беруний районларының есабынан ашылды.

Автономиялы республика қурамында Елликала районы қурамына аўылллық Советлер, аймақларын шөлкемлестирилген. Булар тийкарынан Комунист, Қырыққыз, Гулистан, Қызылқум, Елликқала,Гулдурсун, Төрткул районындағы Ақшакөл, Октябрь, Қызылқала аўыллық кеңесиниң қурамындағы жерлер, Беруний районы Қарақалпақстан АССРның 50-жыллығы совхозының жерлери берилген. Елликқала районы админстративлик орайы Елликқала аўылында шөлкемлестирилди [16].

Ҳәзирги дәўирде районның орайы Бостан қаласы деп аталады. Улыўма, Елликала төрт совхоз, Төрткул еки совхоз Беруний районларының есабынан ашылды.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Советиниң 1968-жыл 2-декабрьдеги қарары менен [14] Қарақалпақстан Республикасының пайтахты Нөкис қаласының ҳәм басқа да санаат районларының халқын азық-аўқат пенен тәмийинлеўши Нөкис районы дүзилди. 1969-жылы 15-январьда районды шөлкемлестириў Конференциясында районды басқарыўшы Ҳәкимият органлары сайланды. Нөкис районының орайы болып Ақмаңғыт елаты белгиленди.

Нөкис районы шөлкемлестирилген жыллары еки пахташылық (Жданов, Бердақ атындағы), бир салыгершилик (ВЛКСМның 50 жыллығы), еки бағшылық (Коммунизм, Садвинсовхоз), бир обощ-палыз өнимлерин жетилистириўши (Нөкис совхоз), бир шошқашылық (Тельман совхоз) бир қусшылық (Бройлер фабрикасы), пал өнимлерин таярлаўшы (Мичурин атындағы) совхозлар шөлкемлестирилген [2:64].

Жуўмақлаў XX әсирде Қарақалпақстанда район ҳәм қалалардың дүзилиўи бурынғы Совет дәўиринде яғный 50-60-жылларға барып тақалады. Усы дәўирде жергиликли материаллардан факт сыпатында топлаў ҳәм анализлеў айырықша әҳмийетке ийе болды. Қарақалпақстан қалалары ҳәм районлары тарийхына байланыслы волостылқлар, жергиликли атамалардың атлары илимий айланысқа түсирилди.

Улыўма алғанда, Қарақалпақстанның атын дүньяға таныткан ески қалалар Шымбай, Беруний, Төрткүл, Хожели, Қоңырат болып табылады. Бул Қарақалпақстанда районлардың ҳәм қалалардың тарийхы бойынша тарийх мектеби пайда болыўына мүмкиншилик жаратады.

**Әдебиятлар**


1. АЖК КР Постановление Совета Министров Каракалпакской АССР. №92, 12-март, 1977-жыл.
2. Бегимов Ж. Ақмаңғыт. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2010, 64-б.
3. Всемирный исторический проект. Дата обращения: 8 июня 2011. Архивировано 3 декабря 2010 года.
4. История Каракалпакской АССР. Т. 2. – Нукус: «Каракалпақстан», 1974.
5. ККРОА. Фонд. 156. Опись 2. Лист 96.
6. ҚҚРОМА, ф. 322, ед. 85.
7. ҚҚРОМА. ф. 324, оп. 1.
8. Қунназаров К. Қарақалпақстанның қала ҳәм районлары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 2016, 109-б.
9. ЦГА. РК. Ф.12, оп. 63, д. 275, л. 199.
10. ЦГА.РК. Ф.12, оп. 1, д. 13, л. 3.
11. ЦГА.РК. ф. 12, оп. 1, д. 66, л. 2.
12. ЦГА.РК. Ф. 12, оп. 1, д.12. 70 л. 8.
13. ЦГА.РК. Ф. 12, оп. 4, д. 70, л. 10.
14. ЦГА.РК. ф. 12, оп.1, д 20, 5, л.20.
15. ЦГА.РК. ф.12, оп. 6. д, 87, л. 20.
16. ЦГА.РК. ф.12, оп.1, д 4, 5, л.15.


**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақола Қорақалпоғистон туманлариниң тузилиши тарихи ҳақида. Мақолада шаҳар ва туманларнинг шаклланиши, ривожланиш жараёнларини ўрганишнинг асосий ёндашувлари кўриб чиқилди. Шахар ва туманлар алоҳида ҳодиса сифатида замонавий дастурлар асосида тадқиқ қилинди. Мақолада хорижий тадқиқотчиларнинг тажрибаларига суяниб, шаҳар ва туманларни тадқиқ қилишнинг турли босқичлари қиёсланди, шаҳар ва туманларнинг асосий ривожланиши аниқланди. Шаҳарлар кундалик ҳаётнинг турли тизимлари ва амалиётларини ўз ичига олган ижтимоий – маданий ҳодиса сифатида қаралди. Мақолада долзарб мавзулар мунозара қилинди, янги туман ва шаҳарларнинг пайдо бўлишининг контекстда шаҳар ва туман ўртасидаги алоқаларнинг шаклланиш жараёнлари, турмуш тарзи, фуқороларнинг қадриятлари, Турткул, Беруний, Чимбой, Шуманай, Кегейли, Тахиаташ, Хожели каби шаҳарларнинг ривожланиши ва ўзига хос хусусиятларининг жойлашиши, XX асрга тегишли демографияси ўрганилди.

**РЕЗЮМЕ.** Данная статья об истории развития районов Каракалпакстана. В статье рассмотрены основные подходы к изучению процессов формирования и развития городов и районов. Города и районы изучались как отдельное явление на основе современных программ. На основе опыта зарубежных исследователей в статье сопоставлены разные этапы исследования городов и районов, выявлены основные направления развития городов и районов. Города рассматривались как социокультурный феномен, включающий в себя различные системы и практики повседневной жизни. В статье рассмотрены актуальные темы, процессы формирования отношений между городами и районами в контексте возникновения новых районов и городов, образ жизни, ценности горожан, развитие и расположение таких городов, как Турткуль, Беруний, Чимбай, Шуманай, Кегейли, Тахиаташ, Ходжели, изучена демография относящаяся к XX веку.

**SUMMARY.** This article is about the history of the development of the regions of Karakalpakstan. The article considers the main approaches to the study of the processes of formation and development of cities and regions. Cities and regions were studied as a separate phenomenon on the basis of modern programs. Based on the experience of foreign researchers, the article compares different stages of the study of cities and regions, and identifies the main directions for the development of cities and regions. Cities were

considered as a socio-cultural phenomenon, including various systems and practices of everyday life. The article deals with topical is-issues, the processes of forming relations between cities and districts in the context of the emergence of new districts and cities, the way of life, the values of citizens, the development and location of cities such as Turtkul, Beruniy, Chimbay, Shumanai, Kegeyli, Takhiatash, Khodjeli, studied demography relating to the XXth century.